

## Senptòm Ipoglisemi (sik nan san'w ba)



WAP TRANBLE



OU GRANGOU




WAP SWE



TÈT FE MAL




CHANJMAN NAN VIZYON'W



ETOUDISMAN



CHANJMAN TOUDENKOU NAN EMOSYON'W



FEBLÈS

## Sa ki kapab lakòz ipoglisemi?

- Ou pa manje oswa ou manje pi ta;
- Ou manje mwens kaboyidrat (sik) pase jan'w konn manje chak jou.
- Ou fè trop aktivite fizik oswa pandan yon peryòd ki long san ajiste tretman'w oswa san manje kaboyidrat (sik).
- Ou bwè alkòl san manje.
- Ou pran yon dòz medikaman ki twò wo pou dyabèt ou.

## Ki moun ki gen risk fè ipoglikemi?

- Ou pran medikaman ki nan klas sekretagòg ensilin:
  - Gliklazid (Diamicwon<sup>MD</sup> ak Diamicron<sup>MD</sup> MR),
  - Glimepirid (Amary<sup>MD</sup>),
  - Glibirid (Diabeta<sup>MD</sup>)
  - Repaglinid (GlucoNorm<sup>MD</sup>).
- Ou pran enjeksyon ensilin.

### Ou gen kesyon sou dyabèt?

Service InfoDiabète

514 259-3422

1 800 361-3504

infodiabete@diabete.qc.ca

L'école du diabète

Universi D

universi-d.com

Diabète Québec  
diabete.qc.ca

Diabète Québec

# Ipoglisemi (pa gen ase sik nan san)

Senptòm ak aksyon pou'w pran



© Diabète Québec – jan 2024

### Sentòm ipoglikemi nan lannuit:

- Swe;
- Move rèv;
- Ajitasyon nan dòmi;
- Tèt fe mal le'w leve.

# Trètman pou ipoglisemi

1

## Mezire glisemi'w.

Si ou gen yon sistèm siveyans pou glikoz ou epi rezulta a pa koresponn ak sentòm ou santi yo, pran glisemi an sou dwet ou pou'w konfime rezulta.

2

## Rezulta ant 2,8 ak 3,9 mmol/L.

Pran **15 g glisid ki rapid** san pèdi tan:

- 4 tablèt Dex4<sup>MD</sup>;
- 15 ml (1 kiyè) siwo mayi, myèl, oswa siwo derab;
- 15 ml (1 kiyè oswa 4 sachè) sik fonn nan dlo (dlo sikre);
- 150 ml (½ tas) kola **nòmal**, bwason ki fèt ak fwi, oswa ji fwi;
- 18-20 g sirèt ki klè (egzanp: 6 Life Savers<sup>MD</sup>)

## Rezulta ki pi ba pase 2,8 mmol/L.

Pran **20 g glisid ki rapid** san pèdi tan:

- 5 tablèt Dex4<sup>MD</sup>;
- 20 ml (4 kiyè) siwo mayi, myèl, oswa siwo derab;
- 20 ml (4 kiyè oswa 5 sachè) sik fonn nan dlo (dlo sikre);
- 200 ml (3/4 tas) kola nòmal, bwason ki fèt ak fwi, oswa ji fwi;
- 25 g sirèt ki klè (egzanp: 8 Life Savers<sup>MD</sup>).

3

Poze tann 15 minit.

4

## Mezire glisemi'w anko.

Si rezulta a pi piti pase 4 mmol/L:

Refè trètman ankò, suiv etap 2-3-4 yo.

Si rezulta a se 4 mmol/L oswa pi plis:

Si ou pral manje nan plis pase 1 èdtan, pran yon ti kolasyon ki gen 15 g glisid ak yon sous pwoteyin (tankou, 1 tranch pen ak 30 g [1 oz] fwomaj).

Tann 40 minit apre'w fin fè yon tretman ipoglisemi anvan'w wal volan.

Chache sa ki koze ipoglisemi an epi pran aksyon pou sitiyasyon an pa repete anko.



## Ou endispoze epi ou bezwen èd yon lòt moun. Moun sa a dwe :

1. Fè'w kouche sou kote epi evite ba ou bwè oswa manje;
2. Koupe ponp ensilin ou si'w gen youn;
3. Pran glikagon (nan nen oswa nan enjeksyon);
4. Rele 911;
5. Verifye glisemi'w 15 minit apre'w pran glikagon an.

## Ou reprann konsyans?

Pran 15 g glisid ki rapid.

## Ou tolere glisid ou pran an?

Ajoute 30 g glisid ak yon sous pwoteyin (tankou yon bol sereyal ak lèt).

## Yon sèvis dijans dwe ba'w swen lakay ou oswa yo dwe transpòte'w lopital byen vit si:

- Ou pa reprann konsyans;
- Ou pat tolere 15 g glisid ki rapid la;
- Ou debaba;
- Ou fè yon kriz konvulsyon (ou tonbe mal kadi).